



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN ONORAB JIJ SHIRLEY TROUTMAN NAN KOU DAPÈL ETA NEW YORK LA.

Jij Troutman te sèvi kòm yon jiris prensipal nan Lwès New York pandan apeprè twa deseni

Yon fwa li konfime, Jij Troutman pral tounen dezyèm fanm nwa nan kou siphrem Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a chwa Onorab Jij Shirley Troutman li a pou okipe pwochen pòs vid la nan Kou Dapèl Eta New York la. Jij Troutman aktyèlman sèvi kòm yon Jij Asosye, nan Divizyon Apèl (Appellate Division) Katriyèm Depatman Jidisye Kou Siphrem Eta New York (New York State Supreme Court) e li te yon jiris ki respekte nan Lwès New York pandan apeprè twa deseni. Nominasyon Jij Troutman nan dènye efò Gouvènè Hochul pou leve lidè ki reprezante divèsite ak anplè Empire State la.

"Mwen fyè pou m nonmen Jij Shirley Troutman nan kou siphrem Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jij Troutman gen yon lespri entèlijan, yon filozofi jistis ekitab, kalifikasyon eksepsyonèl ak yon angajman nan jistis egal ki gide apwòch li nan tribinal. Mwen konfyan li pral sèvi avèk distensyon nan Kou Dapèl Eta New York la".

Jij Shirley Troutman se yon fonksyonè piblik ansyen. Li te sèvi kòm yon Jij Asosye nan Divizyon Apèl nan Katriyèm Depatman Jidisye Kou Siphrem Eta New York la depi 2016. Soti 2010 rive 2016, li te sèvi kòm Jij Kou Siphrem, 8th Judicial District ak anvan sa li te sèvi kòm yon Jij nan Tribunal Konte Erie soti 2003 rive 2009. Li te kòmanse karyè li nan tribinal an 1994, li te eli kòm yon Jij nan Tribunal Vil Buffalo a. Jij Troutman te resevwa diplòm dwa li nan Albany Law School ak diplòm lisans li nan Invèsite Eta nan Buffalo. Li se yon ansyen rezidan nan Lwès New York.

Anplis sèvis li nan tribinal la, Jij Troutman te yon manm aktif nan kominate li nan Lwès New York. Li anseye elèv yo nan Buffalo State ak SUNY Buffalo Law School kòm pwofesè adjwen ak ko-prezidan Komisyón Franklin Williams Eta New York la, ki konseye sistèm tribinal Eta a sou pwoblèm ki afekte anplwaye demandè koulè yo. Li se Prezidan Branch New York pou Asosyasyon Jij Fanm yo epi se yon manm nan plizyè òganizasyon tankou Asosyasyon Bawo nan Konte Erie, Asosyasyon Bawo pou Minorite nan Lwès New York, Asosyasyon Bawo pou Fanm nan Lwès New York ak Asosyasyon Bawo Eta New York. Li se yon manm fyè Delta Stigma Theta Sorority, Inc.

Nan kòmansman ane sa a, Komisyon Nominasyon Jidisyè a te chwazi Jij Troutman kòm youn nan sèt moun ki nonmen pou pwochen pòs vid nan Kou Dapèl Eta New York la. Jij Troutman te resevwa evalyasyon eksepsyonèl nan kominote jiridik New York la, sa gen ladan yon evalyasyon "Byen Kalifye" nan Asosyasyon Bawo Eta New York la, "Eksepsyonèlman Byen Kalifye" nan Akademi Avoka Pledan (Academy of Trial Lawyers) Eta New York ak "Byen Kalifye" nan Asosyasyon Defans New York la.

Prezidan NAACP New York State Conference, Hazel Dukes, te deklare, "Mwen enpresyone avèk chwa Jij Shirley Troutman Gouvènè Hochul la pou sèvi nan Kou Dapèl Eta New York la. Non sèlman Jij Troutman gen bon konpetans ak kalifikasyon pou sèvi nan kou siprèm Eta a, men tou li te gen eksperyans pou asire li trete tout moun ki vini devan li avèk konpasyon, diyite ak respè. Se yon plezi pou wè yon kòlèg soror Delta Sigma Theta, Jij Troutman, ki atenn pi wo nivo siksè pwofesyonèl".

Reprezantan Etazizni, Brian Higgins, te deklare, "Jij Shirley Troutman se yon jiris wo kalib, yon avoka ak jij ki te sèvi ak onè nan tout nivo sistèm jidisyè Eta New York la. Mwen fyè pou m konnen Jij Troutman pandan plis pase de deseni epi mwen sèten sèvis li pral kontinye bay pral benefisyé tout moun nan Eta New York".

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Onorab Jij Shirley Troutman te devwe lavi li pou sèvi kominote li, nan fè respekte lalwa ak jistis epi nan ede fasone lespri pwochen jenerasyon pwofesyonèl dwa yo. Lidèchip li san parey epi pil eksperyans ak konesans li fè li se yon resous presye pou New York ak sistèm jistis li a. Mwen pa ka tann pou m sipòte chwa Jij Troutman Gouvènè Hochul la pou okipe wòl enpòtan sa a pandan nominasyon li ap avanse nan Sena a."

Senatè Sean Ryan te deklare, "Mwen felisite Jij Shirley Troutman nan nominasyon li an epi mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèské li fè chwa istorik sa a pou Kou Dapèl Eta New York la. Mwen konnen Jij Troutman pandan anpil ane epi atravè eksperyans dirèk mwen, mwen te jwenn li se yon trè bon jiris ki gen eksperyans ak entegrite pou sèvi popilasyon an byen nan kou siprèm eta nou an. Jij Troutman trete tout moun avèk diyite ak respè epi mwen konnen pwofesyonalis li pral briye. Mwen pa ka tann pou m sipòte nominasyon li lè Sena a reyini ankò an janvye".

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Mwen sipòte nominasyon Jij Troutman pou okipe pwochen pòs vid nan Kou Dapèl Eta New York la. Plizyè ane eksperyans li yo ak dedikasyon tout lavi li ak sèvis publik la fè li merite onè sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou priz desizyon ekspè li ak dedikasyon pou divèsite nan chwazi yon fanm Afwo-Ameriken pou pòs sa a. Si sa konfime, Jij Troutman pral yon enspirasyon ak egzanp pou tout fanm, espesyalman jèn fanm koulè yo".

Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, "Jij Troutman te distenge tèt li kòm yon jiris ekstraòdinè ki gen fòmasyon, pèspikasite jiridik, tanperaman ak jijman nesesè pou sèvi nan kou siprèm eta nou an. Yo trè apresye li pou ekite, entegrite ak

angajman li pou asire jistis fèt. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou chwa eksepsyonèl li pou leve Jij Troutman nan Kou Dapèl New York la."

Manm Asanble, Jonathan Rivera, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou nominasyon Jij Shirley Troutman li an pou Kou Dapèl Eta a. Jij Troutman pral pote yon seri eksperyans ak pwofesyonalis nan kou siphrem eta a, epi travay konpetan li nan kreye rezulta ki pi ekitab nan sistèm jistis New York la ak odela pral ajoute yon pèspектив ki trè presye".

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Mwen bat bravo pou nominasyon Shirley Troutman Gouvènè Hochul la pou Kou Dapèl Eta New York la. Jij Troutman pral pote eksperyans ekstraòdinè, entèlijans, konpasyon ak bon sans li nan kou siphrem Eta a".

Manm Asanble Bill Conrad te deklare, "Jij Troutman se yon jiris respekte, yon konseye jidisyè de konfyans ak yon edikatè yo renmen, epi li te montre yon angajman inebranlab pou jistis pou tout moun. Pil eksperyans li nan tribunal, ansanm ak ekspètiz jiridik li, ekite li ak karaktè irepwochab li fè li ideyal pou kou siphrem Eta a. Mwen fyè ak onore pou m sipòte nominasyon li nan Kou Dapèl la".

Egzekitif Konte a Mark Poloncarz te deklare, "Mwen kontan tout Nouyòkè yo pral byento aprann sa abitan Lwès New York yo te konnen pandan plizyè deseni: Jij Shirley Troutman se youn nan meyè jiris eta nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou chwa saj sa a epi felisite Jij Troutman pou nominasyon li nan Kou Dapèl Eta a".

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Felisitasyon pou Jij Shirley Troutman nan onè prestijye sa a. Kòlèg, ansyen elèv mwen nan Albany Law School se yon jiris modèl pou prèske 30 ane epi mwen konfyan li pral sèvi rezidan yo nan Eta New York avèk distenksyon. Mwen felisite Gouvènè Hochul sou chwa Jij Troutman li pou Kou Dapèl la ak angajman kontinyèl li pou ekite ak divèsite nan gouvènman Eta a".

T. Andrew Brown, Prezidan Asosyasyon Bawo Eta New York la, te deklare, "Jij Troutman pote nan Kou Dapèl la eksperyans inestimab kòm yon pwokirè, jij premye enstans ak jij apèl. Li se yon vrè defansè pou jistis, divèsite ak enklizyon. Nominasyon li mete aksan sou enpòtans yon sistèm jidisyè divésifye. Nou fyè felisite Gouvènè a pou trè bon chwa sa a".

Bichòp Darius G. Pridgen, Prezidan Konsèy Komen an, te deklare, "Pandan plizyè deseni, Jij Shirley Troutman te sèvi popilasyon Buffalo a ak Konte Erie kòm yon manm respekte nan sistèm jidisyè a. Nouyòkè Lwès yo konnen Jij Troutman se yon jiris trè entèlijan, byen kalifye ki sèvi kominate li avèk distenksyon. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèské li chwazi youn nan meyè fonksyonè piblik Buffalo pou Kou Dapèl Eta New York la".

Ansyen Prezidan Minisipalite Manhattan, C. Virginia Fields, te deklare, "Mwen aplodi chwa Jij Shirley Troutman Gouvènè Hochul la pou sèvi nan Kou Dapèl Eta New

York la. Jij Troutman se yon chwa sipèlatif: espri jiridik egize li, referans fantastik li yo ak angajman li pou sèvis piblik la fè li se yon kandida eksepsyonèl pou sistèm jidisyè a. Nou dwe toujou fè efò pou nou gen yon Sistèm Jidisyè ki pi divèsifye".

Defansè Piblik Konte Monroe a, Timothy P. Donaher, te deklare, "Kòm yon Divizyon Apèl, Katriyèm Depatman, Jij Troutman toujou prepare ak angaje, epi gen yon ekselan konpòtman jidisyè. Li sansib ak pwoblèm jistis rasyal yo epi fason pwoblèm sa yo souvan negativman kwaze avèk sistèm jistis kriminèl la. Mwen pa ka tann pou wè manda li nan Kou Dapèl la epi kwè li pral yon gwo defansè pou abòde pwoblèm inegalite yo nan sistèm jidisyè kriminèl ak familyal nou yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)